ТОЙ ХАТ

# ДӘЎИР ШЕЖИРЕСИН ДӨРЕТИЎШИ ЖУРНАЛИСТ ҲӘМ ЖАЗЫЎШЫ



## *ямаса Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген журналист Пердегүл Хожамуратова ҳаққында*

**Ҳүрметли Президентимиздиң 8-март–Халықаралық ҳаял-қызлар байрамы қарсаңында билдирген мынадай пикири бар: «Бала тәрбиясынан, үй-руўзыгершилик жумысларынан артып елимиз раўажланыўына үлес қосып атырған ҳаял-қызлардың мийнетин мен қаҳарманлық деп билемен». Ал, дөретиўши ҳаял-қызлар болса, перзент тәрбиясынан, шаңарақ машқалалары менен бирге түн уйқысын төрт бөлип дөретиўшилик пенен де шуғылланады. Гейде түн ақшамын жамылып қәлем услайсаң, көбинесе дөретпелериңдеги қаҳарманлар ой-қыялыңда жүреди.**

Республикамызда ҳаял-қыз дөретиўшилер жүдә көп емес, бул жолды таңлағанлардың өз қәлемине садықлары ғана ел-халыққа танылады. Усындай инсанлар қатарында қарақалпақ баспасөзинде өз стилин жаратқан, адамға ой салатуғын қунлы дөретпелери ҳәм сөзге шеберлиги менен халқымызға танылған талантлы журналист ҳәм жазыўшы Пердегүл Хожамуратова да бар. Оның қәлемине садықлығы ҳаққында пикир билдиргенимиздиң мәниси, бүгинги күни де қунлы мақалалары арқалы баспасөз бетлеринде өз оқыўшылары менен дийдарласып келмекте.

П.Хожамуратованың дөретиўшилик жолы журналистика менен тығыз байланыслы. Сондай-ақ, ол ҳәзирги күнде көркем проза жанрында да жемисли қәлем тербетип, бир қанша китаплардың авторы сыпатында өз оқыўшыларына ийе жазыўшы дәрежесине еристи.

Пердегүл апа менен «Еркин Қарақалпақстан» газетасының жәмийетлик-сиясий редакциясында ол ҳүрметли дем алысқа шыққанға шекем бир ханада жумыс ислеп, дөретиўшиликте де, турмыслық мәселелерде де ҳәм сырлас, ҳәм дос, ҳәм устаз-шәкиртлик қарым-қатнаста болдық. Қулласы, «егиз қозыдай» апа-сиңли қатнасығымыз елеге шекем тығыз даўам етпекте.

Пердегүл ападан дөретиўшиликте де, турмыстан да көп нәрселерди үйрендим. Оның қасында жүрип мақала қаҳарманлары менен сөйлесиў мәденияты, оларды тыңлай билиўи, тапсырманы оператив орынлаўы, дөретиўшиликте кеўлиңе қозғаў салатуғын ой-пикирлеринен көп тәсир алғанман.

Бир күни көпшиликтиң көзинше летучкада емес, жумыс ханамызға келгеннен кейин мениң мақалам ҳаққында сын пикирлерин билдирди. Дәслебинде өкпелеп жүрдим, бирақ, ўақыт өте келе Пердегүл апаның айтқан пикирлери дурыс екенлигин түсинип жеттим. Ол усылайынша көп мақалаларыма пикирлерин билдирип, керек жеринде ақыл-кеңеслерин де беретуғын еди.

Көпшилик аңлай ма, жоқ па билмедим, ҳақыйқатында дөретиўши инсанлардың тәбиятында бир тәбийғый күш бар. Себеби, дөретиўшилик мәжбүрийликтен болмайды. Оны қандай да бир күш жазыў столына жетелейди. Ал, Пердегүл ападағы бул күш, минезиндеги қайсарлық өмирдиң асаў жолларынан, қыйыншылықлардан өтип өз орнын белгилеўде бағдар болды, оны бәрқулла алға талпындырды, мийнеткешлиги, ҳадаллығы, кесип айтатуғын өткир пикирлери жәмәәтте де, әтирапында да абырайға еристирди. Булардың бәри оның камалға келген шаңарағында алған тәрбияның жемиси, десем ҳақыйқат болар.

П.Хожамуратованың әкеси Меңлимурат ата Хожамуратов 40 жылдан аслам мектепте баслаўыш класс оқытыўшысы болған тәлим-тәрбияның устасы. Ал, анасы Айымгүл апа кәтқудашылығы басым, мийнеткеш, аққөкирек, кеңпейил инсан еди. Олар сегиз перзентти камалға келтирип, барлығына турмыстан қағылмайтуғын, қағылса да жеңип шығатуғындай етип тәрбия берди. Мине, усы орталықта қәлиплескен тәрбия Пердегүл апаның бойында мийнеткешликти, әдилликти, өр көкирек, батыллықты жәмледи.

Пердегүл Хожамуратова 1956-жылы 28-августта Кегейли районы, ҳәзирги «Жалпақ жап» аўыл пуқаралар жыйыны аймағында дүньяға келди. Негизинде ол 1974-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының дене тәрбия факультетине оқыўға кирип, 1978-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик университетин табыслы тамамлады. Кегейли районындағы 38-санлы мектепте муғаллим, кейин Нөкис индустриал педтехникумында оқытыўшы болып иследи. Көпшилик оны «физвосник»тен қалай белгили журналист, жазыўшы дәрежесине ерискен, деп ойлаўы да мүмкин. Өзи онда әзелий китапқумар шаңарақта қәлиплескен тийкар бар еди. «Ағам да, анам да көп китап оқыйды» деп ҳәр сапары ол аўылға барғанында китап, газета-журналлар апарып туратуғын еди. Оның үстине, Кегейли районлық «Ленин жолы» газетасының редакторы Емберген Еримбетовтың шаңарағына келин болып түсиўи, ери Бахыттың сол газетада хабаршы болып ислеўи, әдебий орталық Пердегүл апаны дөретиўшиликке қызықтырды.

– Қәйин атамның жыйнап қойған китаплары жүдә көп еди, - дейди ол журналистикаға кирип келиўи ҳаққында сорағанымызда. – Оқытыўшылығымнан, келинлик ўазыйпаларымнан тысқары сол китаплардан өзиме унағанларын оқыўға ўақыт табатуғын едим. Мектепте оқыған ўақытларымнан баслап «Жеткиншек», районлық газетаға киши-киши мақалалар жазғанлықтан, дөретиўшиликке аңсарым аўа берди.

Ол 1986-жылы Бозатаў районлық «Ылғаллы мийнет» газетасында хаткер-машинистка, корректор болып ислеп жүрип мақалалар жазды ҳәм қәлеми ысылып барды. 1990-1999-жыллары «Нөкис ҳақыйқаты» газетасында корректор, арнаўлы хабаршы, жуўаплы хаткер ҳәм редактор орынбасары лаўазымларында мийнет етти. Ал, 1999-жылдан баслап республикалық «Еркин Қарақалпақстан» газетасында арнаўлы хабаршы, 2006-2016-жылларда газетаның Жәмийетлик-сиясий редакциясы редакторы болып исследи.

Журналистлик – бул тек хабарларды оқыўшыларға жеткериў емес, дәўир нәпесин сезиниўди, инсан тәғдирине терең үңилиўди, жәмийеттеги өзгерислерди аңлап жетиўди талап ететуғын кәсип. Пердегүл апаның қәлеминен дөрелген материалларда өмир ҳақыйқаты, инсан тәғдири, жәмийеттеги мәселелер ҳәм адамгершилик қәдириятлар, сондай-ақ, мақала қаҳарманының портретин ашып бериўдеги шеберлиги менен белгиленеди.

П.Хожамуратова республикамыздың барлық районларында хызмет сапарларында болып, көплеген инсанлар менен дийдарласты, олар ҳаққында очерклер, сын мақалалары, сүўретлемелери газета тигиндилеринен орын алып, бүгинги жаслар оннан үлги алады ҳәм устаз ўазыйпасын атқармақта.

### ЖУРНАЛИСТИКАДАН КӨРКЕМ ПРОЗАҒА

Республикамыздың китап, газета-журнал оқырманлары Пердегүл Хожамуратованы тек журналист сыпатында ғана емес, көркем проза саласында да өз стилине ийе талантлы жазыўшы сыпатында жақсы таныйды. Прозалық дөретпелеринде журналистке тән бақлаўшылық, адамның руўхый дүньясын, өмирдиң майда-шүйде детальларына дейин сезе билиў қәсийетлери көркем сөз бенен уйғынласады. Сонлықтан да, көркем дөретпелеринде турмыс ҳақыйқаты, инсан тәғдири, заман нәпеси сай түрде сәўлеленеди.

Қарақалпақ дөретиўши ҳаял-қызларының устазы, Қарақалпақстан халық жазыўшысы Гүлайша апа Есемуратова ҳәр сапары хабар алыўға барғанымызда:

– Пердегүл, сенде «багаж» көп, аш архивиңди, жаз, - деп айта беретуғын еди.

Устазымыздың ўәсиятына садық болған Пердегүл апа соңғы жылларда проза жанрында жемисли мийнет етип атыр. Оның 2018-жылы «Ана сағынышы», 2019-жылы «Өмир белеслери», «Ҳүждан суды», 2022-жылы «Саған өтирик, маған шын», 2024-жылы «Анам түсиме енген күн», 2025-жылы «Қыз даўы», «Газеташылар», 2026-жылы «Өтмиштен кешмишлер», «Иләҳийда адам» атлы китапларын оқыўшылар қәўими жақсы күтип алды.

Көпшилик адамлар китапты ҳақыйқый устазым деп таныйды. Әлбетте, бул тегин емес. Себеби, шығармада турмыс ҳақыйқатлығы жатады. Жазыўшы оны турмыстан алып, қәлбине түйгенлерин жазады, әлбетте. Гейде турмысымыздағы шешилмей атырған жумбақтың түйинин оқыған шығармаңнан табасаң. Сонлықтан, жазыўшы-шайырлар, қулласы дөретиўши ҳаял-қызлар ҳәм тәрбияшы, ҳәм руўхый күш бериўши инсанлар. Бул жағынан қарағанда Пердегүл апа да көпшилик оқырманларының устазы есапланады.

### «ӨТМИШТЕН КЕШМИШЛЕР» – ӨМИР ҲӘМ ДӨРЕТИЎШИЛИК ШЕЖИРЕСИ

Адам ҳәрқандай юбилей жасқа келгенде басып өткен жолларына бир нәзер таслаўы бар. Жақында Пердегүл апаның «Өтмиштен кешмишлер» атлы китабы баспадан шықты. Оның ҳәр бир китабының өз алдына мағанасы бар. Ал, «Өтмиштен кешмишлер» жазыўшының өмир жолын, инсаныйлық көзқарасларын, дөретиўшилик дүньясын кеңнен ашып береди. Китаптың атынан көринип турғанындай, ол балалығынан баслап, өзине ең қәдирдан ҳәм жақын адамлары менен бирге өткерген бахытлы мәўритлерин, өмиринде ушырасқан қуўанышлы ҳәм тәшўишли күнлерин, журналистикаға қәдем қойыўы, көркем дөретиўшиликке қол урыўын кеўил сезимлеринде баян етеди. Китапта жазыўшының инсаныйлық ҳәм дөретиўшилик көзқарасларының қәлиплесиўинде орны бар, терең из қалдырған инсанлар, белгили жазыўшылар, көркем өнер ғайраткерлери ҳаққында еске түсириўлер, эссе ҳәм мемуарлық шығармалар орын алған. Және де өзи көрген, билген инсанларға деген жыллы сезимлери көркем сөз бенен жеткерилген. Соның менен бирге, китап оқыўшыларының, заманласлары, қәлемлес досларының дөретиўшилигине берген баҳалары да берилген. Демек, бул жазыўшының изине нәзер салып өз-өзине есап бериўи ҳәм бул оның дөретиўшилик портретин ашып берип, өз орнын оқыўшыға еле де жақынырақ танытқанынан дерек береди.

Адам өмири – бул тарийх. Инсан өз тарийхын өзи жаратады. Бул ҳақыйқат. Пердегүл Хожамуратованың бул китабы тек өмир жолынан естеликлер жыйнағы ғана емес, онда өзи заманлас болған дәўир қаҳарманлары арқалы сол дәўирдиң нәпесин, инсаныйлық қәдириятлар, дөретиўшилик излениcлерин өз ишине алған көркем шығарма, шежире десек болады.

Пердегүл ападан «дөретиўши жасларға айтарыңыз бар ма?» деп сорағанымызда:

– Ҳәзир жасларға социаллық тармақлардың тәсири күшейип атыр, жақсы-жаманға еликлеўшилик көп, деген менен, миллий қәдириятларымызды сиңдириўде тәлим-тәрбияны күшейтиў зәрүр. Ал, журналист боламан деген жасларға айтарым: жуқа нанына, аўыр мийнетине қайыл боласаң, бәрқулла излениcте жүресең. Барлық жерде – редакция да, мағлыўмат алыўға барған орның да, ҳәтте шаңарағың да жумыс орның болады. Мениң өзим мақалаларым ертеңги санға кешикпеўи ушын балаларымды уйқылатып, ярым ақшамда жазыўға отырар едим. Журналистика пидайылықты талап етеди. Буған көнликпесең, қанша ширенсең де қатардағы журналист болып қала бересең...

П.Хожамуратованың усындай жемисли мийнетлери мәмлекетимиз тәрепинен өз баҳасын алды. Ол «Ғәрезсизлигимиздиң 20 жыллығы», «Қарақалпақстан халық билимлендириў ағласы» көкирек нышанлары, «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген журналист» ҳүрметли атағы менен сыйлықланды. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.

Жақында П.Хожамуратова 70-бәҳәрин қарсы алды. Ҳаял адамның жасы айтылмайды, деген ибара бар. Лекин, оның оқырманлары, заманласлары, кәсиплеслери ушын бул сәнениң де өзине ылайық әҳмийети бар. Биз оның дөретиўшилик ҳәм өмир жолына азғана өз пикирлеримизди билдирдик. Ал, публицистикаларындағы, прозадағы ашылмаған қырларын, үйренилиўи керек дөретиўшилик сырларын әдебиятшылар менен илимпазларға қалдырдық.

Жазыўшы ҳәм журналист апамыз дөретиўшилик пенен бирге өмирде де, перзент тәрбиясы, шаңарақлық мәселеде де өз орнына ийе екенлигин көпшилик биледи. Өмирлик жолдасы Бахыт аға менен төрт перзентти тәрбиялап, халық хызметине қосты. Көплеген ақлықлардың бахытлы кемпир апасы болды. Булардың барлығы инсан ушын таптырмас байлық. Әтирапындағы жақын-жуўықлары, қоңсы-қоба, ағайин-туўған, қәлемлес кәсиплеслери арасында орны төрден болған апамызға беккем денсаўлық, перзентлер баўырында көретуғын қуўанышлары, халқымызға инам ететуғын шығармалары көп болсын, демекшимиз.

***Б.КАРАМАТДИНОВА,***
***Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген журналист.***

---

БИЛИМЛЕНДИРИЎ

# КОРРУПЦИЯҒА ҚАРСЫ ГҮРЕСИЎДИҢ ӘҲМИЙЕТЛИ ҚУРАЛЫ

Ҳәр қандай жәмийеттиң раўажланыўы, мәмлекеттиң ертеңги келешеги ҳәм инсанияттың раўажланыў басқышлары туўрыдан-туўры әдиллик, ҳадаллық ҳәм ашық-айдынлық принциплерине қаншелли әмел етилиўине байланыслы. Жәмийеттиң тамырларына балта уратуғын, елдиң раўажланыўына үлкен тосқынлық ететуғын ең қәўипли иллетлерден бири – бул коррупция. Бул иллетке қарсы тек ғана нызам жазалары менен емес, ал, ең биринши нәўбетте адамлардың сана-сезимин, дүньяқарасын өзгертиў, ҳадаллық мәдениятын қәлиплестириў арқалы нәтийжели гүресиў мүмкин. Дәл усы көзқарастан алғанда, Қарақалпақстан Республикасы Педагогикалық шеберлик орайында «Коррупцияның алдын алыўда билимлендириўдиң роли» атамасында өткерилген мәжилис бүгинги күнниң ең әҳмийетли ҳәм актуал мәселелерине бағышланған ушырасыўлардан бири болды.




Илажда Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлигиниң коррупцияға қарсы қадағалаў бойынша бас мәсләҳәтшиси Әжинияз Нурабуллаев, Нөкис қаласы юридикалық хызмет көрсетиў бөлиминиң баслығы Тимур Өтемуратов, орайдың профессор-оқытыўшылары ҳәм де тыңлаўшылары қатнасты. Кешеде сөзге шыққан тараў ўәкиллери бүгинги күнде коррупцияға қарсы гүресиўдиң нәтийжели механизмлерин қәлиплестириўде билимлендириў системасының тутқан орны оғада жоқары екенлигин айтып өтти. Және де, мектепке шекемги билимлендириўден баслап, жоқары оқыў орынларына шекемги пүтин бир система жас әўладтың қәлбине ҳадаллық, ҳүжданлылық ҳәм нызамларға ҳүрмет сыяқлы жоқары инсаный қәдириятларды сиңдириўдиң негизги ошағы есапланады. Илаж даўамында негизинен усы мәселелерге айрықша итибар қаратылып, билимлендириў тараўында ашық-айдынлықты тәмийинлеў, коррупциялық қәўип-қәтерлердиң алдын алыўға қаратылған профилактикалық илажларды күшейтиў ҳәм тараўда әмелге асырылып атырған реформалардың мазмун-мәниси терең талқыланды.

Жас әўладтың санасында коррупцияға қарсы ағартыўшылық көзқарасты қәлиплестириў – мәмлекеттиң раўажланыў тийкарын беккемлеўдиң ең исенимли жолы болып табылады. Гәптиң тоқетери, мәжилисте жыйналғанларға коррупцияға қарсы гүресиў тараўындағы нызамшылық ҳүжжетлериниң мазмуны, коррупциялық жағдайлардың келип шығыў себеплери ҳәм олардың алдын алыў механизмлери ҳаққында кеңирек түсиниклер берилди. Соның менен бирге, билимлендириў орталығында ҳадаллық мәдениятын қәлиплестириў, оны кеңнен үгит-нәсиятлаў ҳәм ҳәр бир педагогтың усы процесстеги орны айрықша атап өтилди. Ҳақыйқатында да, муғаллим – тек ғана билим бериўши емес, ал, өзиниң ҳадаллығы, әдиллиги ҳәм жуўапкершилиги менен жасларға өрнек болатуғын тәрбияшы. Соның ушын да, билимлендириў тараўында ислеп атырған ҳәр бир хызметкердиң ҳуқықый мәдениятын арттырыў бүгинги күнниң ең баслы талабына айланбақта. Солай екен, ҳәр бир педагог өзи ислеп атырған орталықта тазалықты ҳәм ашық-айдынлықты тәмийинлеўи шәрт.




Педагогикалық шеберлик орайында өткерилген бул ушырасыўда айтылып өтилгениндей, заманагөй билимлендириў системасы жасларға тек ғана теориялық билим берип қоймастан, оларда жоқары инсаныйлық қәдириятларды да раўажландырыўы керек. Негизинде, этикалық нормалар, ҳадаллық сабақлары ҳәм нызамшылық тийкарлары сабақлықлардың, оқыў бағдарламаларының ажыралмас бөлегине айланыўы лазым. Және де айта кететуғын нәрсе, коррупцияға қарсы гүресиў – бул бир күнлик ямаса бир мәртелик илаж емес, ал, турақлы ҳәм системалы түрде әмелге асырылыўы тийис болған тийкарғы процесс. Жәмийетте ашық-айдынлық пенен ҳадаллық мәденияты толық сиңбегенше, коррупциялық иллетлерди түп-тамыры менен сапластырыў қыйынға түседи.

Илаж жуўмағында коррупцияға қарсы маўасасыз мүнәсибетти қәлиплестириў, билимлендириў мәкемелеринде әдил ҳәм таза орталықты жаратыў, ҳәр бир педагог ҳәм хызметкердиң жуўапкершилигин арттырыў ең әҳмийетли ўазыйпалардан бири екени атап өтилди. Сөзсиз, билимлендириў тараўында ашық-айдынлықты тәмийинлеў ҳәм ҳадаллық принциплерин беккемлеў арқалы биз келешек әўладты коррупциядан аўлақ, әдил ҳәм раўажланған жәмийетте жасаўға таярлаймыз. Ҳадаллық сабағын алған жаслар ҳеш қашан өз жумысына, елине ҳәм халқына қыянет етпейди, ал, керисинше, мәмлекеттиң гүллеп-жаснаўына өзлериниң салмақлы үлесин қосады. Бул бағдардағы жумыслар буннан былай да даўам еттириледи.

***Сапура ТУРДЫБЕКОВА,***
***арнаўлы хабаршымыз.***
***СҮЎРЕТЛЕРДЕ: илаждан көринислер.***